

## **AVI SOU TAKS NON-AD VALOREM KI PWOPOZE OUBYEN ADOpte**

Chè pwopriyetè:

Pwopriyete sa a parèt nan lis Non-Ad Valorem Miami-Dade County. Avi sa a ap enfòme w sou taks espesyal ki egziste epi ki pwopoze. Gade nan do paj la pou jwenn plis enfòmasyon sou taks espesyal ki tonbe anba lobedyans Depatman Travo Piblik ak Sanitasyon (PWWM). Men Taks non-ad valorem pwopriyete a dwe peye pou ane 2015 la:

Non Distri a	Rezon Taks la	Taks Ane Kouran an	To Fiskal ki Pwopoze	Mezi chak Inite	Kantite Inite	Valè Total

**Ou pa bezwen peye – Se pa yon bòdwo. Taks ki otorize nan odyans piblik la ap parèt nan Bòdwo Enpo Fonsye Konbine a.**

## **AVI SOU ODYANS PIBLIK**

Komisyón Miami-Dade County ap gen yon odyans piblik sou taks Non-ad Valorem ki pwopoze pou lane 2015 la, 30 jen 2015 a 9:30 am nan lokal Komisyón an: 111 NW 1<sup>st</sup> Street, 2<sup>nd</sup> Floor, Miami, Florida 33131. Rezon odyans piblik la se pou resevwa kòmantè piblik la anvan yon desizyon final pran sou pwopozisyon taks la. Otorite ki fikse taks yo kapab chanje pwopozisyon an pandan odyans la menm. Kòm pwopriyetè ke taks la afekte, ou gen dwa prezante nan odyans piblik la pou anrejiste dezakò w devan Komisyón Miami-Dade County. Oubyen tou ou gen 20 jou kan ou fin resevwa avi sa a pou ou anrejistre dezakò w pa ekri bay Komisyón an. Voye tout lèt sou kesyon sa a pa lapòs bay Public Works and Waste Management, Special Taxing District, 111 NW 1st street, 15th Floor oubyen pa imèl bay [STDP@miamidade.gov](mailto:STDP@miamidade.gov). Tout Taks non-ad valorem ki otorize ap parèt an oktòb nan Bòdwo Enpo Fonsye Konbine pou lane 2015 la. Selon lalwa Florid, si taks non-advolrem pa peye atan (ant 1<sup>e</sup> Novanm ak 31 Mas) sa ap lakòz yon atestasyon fiskal emèt kont propriete a, e sa ka antrene pèt tit pwopriyete a.

## **AVI SOU TAKS NON AD-VALOREM KI PWOPOZE OUBYEN ADOpte ENFÒMASYON JENERAL AK KESYON KI POZE PI SOUVAN**

### **Pou kisa mwen resevwa Avi a?**

Kòm pwopriyetè nan Florid, ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki konsènen w sou taks non-ad valorem. Avi sa a respekte dwa w lè li ba w detay sou taks ki pwopoze pou parèt nan Bòdwo Enpo Fonsye Konbine pou lane 2015 la pou pwopriyete w.

### **Èske fò m reponn Avi a?**

Non. Avi a se pou enfòme w sèlman. Pa gen repons ki nesesè. Sepandan, si ou gen kòmantè ou ta renmen Komisyon Miami-Dade la (BCC) considere konsènan taks yo mete sou pwopriyete w, ou kapab patisipe pèsonèlman nan odyans piblik la oubyen tou ou kapab voye objeksyon w (pa lapòs oubyen imèl) bay Public Works and Waste Management Department, Special Taxing District Division. Tout lèt ki rive anvan 28 jen 2015 ap anrejistre nan dosye BCC a.

### **Kisa taks non-ad valorem nan ye?**

Yon taks non-ad valorem se yon taks ke yon gwoup pwopriete peye pou yon sèvis piblik espesyal pwopriyete sa yo resevwa. Egzanp sèvis espesyal se sèvis sekirite, ekleraj lari, antretyen lak ak peyizaj. An jeneral, se pwopriyete sa yo prensipalman ki benefisyè sèvis espesyal sa yo. Pòsyon taks chak pwopriyetè peye fikse sou baz benefis endividiyèl “benefit unit” ke Special Taxing District (STD) deside nan moman li te kreye. Yon “Benefit unit” se gen dwa yon tè, yon rezidans oubyen nenpòt lòt oubyen nenpòt lòt byen ki nan kominate a.

### **Ki sèvis taks sa a peye?**

Fon taks sa a rapòte ka sèvi pou peye travay enfrastrikti epi/oubyen sèvis piblik pèmanan. Yon gerit oubyen yon miray ki antoure tout kominate a se egzanp travay enfrastrikti. Ekleraj nan lari, kontwòl move zèb nan dlo, antretyen peyizaj, sèvis sekirite se egzanp sèvis pèmanan taks sa a peye.

### **Kisa ki fè montan taks sa a ka chanje?**

To fiskal la chanje selon sa sèvis ou resevwa koute. Kou sa yo varye e yo chanje tanzantan. W'ap jwenn plis enfòmasyon sou to fiskal yo nan sitweb Special Taxing District – [www.miamidade.gov/publicworks/special-taixng.asp](http://www.miamidade.gov/publicworks/special-taixng.asp)

### **Si sa a se pa yon bòdwo, kilè m'ap resevwa bòdwo pa m?**

Tout Taks non-ad valorem ki apwouve nan odyans piblik la ap parèt an oktòb nan Bòdwo Enpo Fonsye Konbine pou lane 2015 la. Peye taks ou atan, anvan 31 mas pou evite penalite. Gen rabè pou moun ki peye bonè.

**Si ou gen kesyon ouben si ou bezwen plis enfòmasyon,  
kontakte Public Works and Mangement nan 305-375-5514**